

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG SARAN

#### 5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil analisis data anu aya dina bab IV, dina ieu panalungtikan bisa dicindekkeun saperti ieu di handap.

- 1) Kamampuh nyarita siswa kelas XII C6 SMA Pasundan 1 Bandung taun ajaran 2015/2016 dina matéri pangajaran panata acara saméméh dilarapkeuna modél *complete sentence* can mampuh. Katitén tina hasil pretés anu ngawengku aspék aspék basa (30,43), aspek gagasan/eusi (23,11), jeung tagog/gesture (13,05). Sedengkeun rata-rata aspék saméméh ngagunakeun modél *complete sentence* nya éta, 66,55 tina kritéria ketuntasan minimal 78 bisa dicindekkeun can mampuh nyarita dina matéri pangajaran panata acara.
- 2) Kamampuh nyarita siswa kelas XII C6 SMA Pasundan 1 Bandung taun ajaran 2015/2016 dina matéri pangajaran panata acara sanggeus dilarapkeuna modél *complete sentence* geus mampuh. Katitén tina hasil postés anu ngawengku aspék tina aspék basa ngaronjat jadi (36,35), tina aspék gagasan/eusi ngaronjat jadi (28,27), jeung tina aspék tagog/gesture ngaronjat jadi (16,58), rata-ratana nya éta 81,21 tina kritéria ketuntasan minimal 78 bisa dicindekkeun siswa geus mampuh nyarita dina matéri pangajaran panata acara.
- 3) Aya béda anu signifikan tina hasil kamampuh nyarita siswa kelas XII C6 SMA Pasundan 1 Bandung taun ajaran 2015/2016 dina matéri pangajaran panata acara saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél *complete sentence*, kalawan rata-rata peunteun pretés jeung postés nya éta tina hasil pretés 66,55% ngaronjat jadi 81,21%. Bisa dicindekkeun yén pangaruh modél *complete sentence* pikeun ngaronjatkeun kamampuh nyarita siswa dina matéri pangajaran panata acara téh nya éta kalawan béda 14,66%. Uji hipotésis ngahasilkeun data  $t_{itung}$  nya éta  $(19,79) > t_{tabél}(2,46)$ . Hartina modél *complete sentence* bisa ngaronjatkeun kamampuh nyarita siswa kelas XII C6 SMA Pasundan 1 Bandung taun ajaran 2015/2016 dina matéri pangajaran panata acara.

## 5.2 Saran

Dumasar kana panalungtikan anu geus dilaksanakeun, aya sababaraha saran anu ditepikeun, nya éta saperti ieu dihandap:

### 1) Pikeun Pangajaran Basa

Modél *complete sentence* téh bisa ngaronjatkeun kamampuh nyarita siswa dina matéri pangajaran panata acara. Jadi, dipiharep modél *complete sentence* bisa dijadikeun alternatif dina pangajaran basa Sunda utamana dina nyarita kusabab dumasar kana hasil panaluntikan katitén yén modél *complete sentence* bisa ngaronjatkeun kamampuh mandu acara.

### 2) Pikeun Guru

Upamana guru rék make modél *complete sentence* dina pangajaran panata acara, aya sababara hal anu kudu diperhatikeun ku guru nalika ngagunakeun modél *complete sentence* nya éta basa anu dipaké dina téks kudu dipikaharti ku siswa, pilih topik anu *uptodate* sangkan siswa ngirut dina ngalengkepan téks.

### 3) Ku sabab ieu panalungtikan teu jauh tina kecap sampurna, seueur kénéh kakirangan nu matak dipiharep aya panalungtik séjén nu nalungtik ieu *modél complete sentence* kalayan leuwih jembar deui.